

BASA JEUNG PIKIRAN

BAB I

BUBUKA

A. Kasang Tukang

Hubungan antara basa jeung pikiran nya éta hiji pasualan anu dasar atawa hakiki dina élmuning psikolinguistik. Basa jeung pikiran nya éta dua hal anu béda, tapi hubungan kaduana raket pisan. Basa miboga kontribusi kana pikiran pon kitu deui sabalikna. Basa dipaké minangka alat/ pakakas pikeun ngébréhkeun pikiran, sedengkeun pikiran bisa diébréhkeun ngaliwatan basa.

Basa nya éta sistim lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntep seureuhna tur ragem antaranggota masyarakat pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2005).

Pikiran numutkeun kamus LBSS nya éta ingetan, sagala rupa hal nu geus aya dina uteuk. Kamampuh basa nu ngabédakeun manusa jeung mahluk lianna. Bisa waé mahluk lain miboga basa. Contona sato (Hayam), upama hayam indungna manggih dahareun sok kekerat nyalukan anakna (ciak). Tapi dina hal ieu basa nu aya dina komunitas sosial manusia tur digunakeun ku manusa nya éta basa verbal. Basa anu diucapkeun ku pakakas omong. Ngaliwatan basana, manusa bisa :

- Ngakodifikasi, nyatét, neundeun hasil panalungtikan, informasi, fakta, data, konsép.
- Ngatransformasikeun jeung nolah hasil tadi ku prosés mikir jeung ngagunakeun kaédah logika
- Ngakoordinasikeun jeung ngaéksprésikeun cita-cita, sikep, ngajén.
- Ngakomunikasikeun ka jalma lianna.

Basa bisa dina wangun :

√ lisan	√ tanda	√ sinar/ cahaya	√ gerak-gerak
√ tulisan	√ huruf	√ bunyi	√ mimik

B. Rumusan Masalah

Urang perlu mertanyakeun hal-hal anu dasar ieu judul. Patalékan ieu diantarana :

- Naon hubungan antara basa jeung pikiran ?

- Mana nu leuwih utama, naha basa nu mangaruhan pikiran atawa sabalikna ?
- Naha basa jeung pikiran téh hal nu sarua ?

C. Tujuan

Tujuan ieu makalah nya éta sangkan mahasiswa bisa leuwih weruh kana:

- Hakékat basa jeung pikiran.
- Kumaha hubungan basa jeung pikiran.
- Kumaha katégori kognitif.
- Kumaha katégori sosial.

BAB II

EUSI


1. Hubungan Basa jeung Pikiran

Nurutkeun Steinberg (1982:101) hubungan basa jeung pikiran bisa disawang tina sababaraha jihat, diantarana:

Produksi ujaran minangka dasar pikeun pikiran

Disawang tina produksina, ujaran/ basa mangrupa dasar pikeun pikiran. Hal ieu nunjukeun yén pikiran nya éta hiji paripolah. Hiji ujaran (ucapan/ omongan) atawa kalimah mangrupa hasil tina mikir atawa tinimbangan. Pikiran anu térsirat dina hiji kalimah mangrupa paripolah. Kedaling rasa nu dikedalkeun dina hiji kalimah mangrupa hasil mikir.

Dihandap ieu dijelaskeun kumaha prosés kedalna rasa ti panyatur nepi ka peregep.




(Brooks, 1964)

Kamus :

Basa : Sistim lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntep seureuhna tur ragem antaranggota masyarakat pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2005).

Pikiran : Ingetan, sagala rupa hal nu geus aya dina uteuk (LBSS)



(AND, 2009)

Dina kahirupan sapopoé, pikiran digelarkeun ngaliwatan basa boh lisan atawa tinulis, gambar, sora, mimik, jsb. Basa bisa ngalegaan ambahan pikiran. Ngaliwatan basa, hiji jalma bisa nambahan kosa kecapna. Numutkeun panalungtikan, hiji budak bakal leuwih pinter dina hal nyarita upama ngawasa leuwih ti dua basa. Misalna Basa Indonesia jeung Basa Sunda. Dina Basa Sunda kecap dahar téh bisa dikedalkeun ku sababaraha kecap diantaranya tuang, lolodok, emam, hakan, neda, jsb.

Date Et Al (1971) nétélakeun yén:

- Kualitas jeung kuantitas sarta tingkat kosa kecap hiji jalma mangrupa indéks pribadi nu alus pikeun kamekaran méntalna.
- Kamekaran kosa kecap mangrupa kamekaran konséptual
- Sadaya atikan dina enasna nya éta ngamekarkeun kosa kecap

- Kamekaran kosa kecap bisa dipangaruhanku umur jeung gender, géografis, status sosial.
- Atikan kosa kecap kudu dimimitian tina kecap nu geus dipikawanoh kana kecap nu can dipikawanoh.

Basa nunjukeun spesifikasi budaya

Dina hal ieu, Benjamin Whorf jeung Edward Sapir (1966) nétélakeun hipotésis ngeunaan hubungan basa jeung pikiran nu disebut “Hipotesis Relativitas Bahasa” hipotésis ieu nétélakeun yén “Sawangan dunya hiji masarakat ditangtukeun ku struktur basana.” Aya dua tesis ngeunaan hubungan basa jeung pikiran nya éta:

- Masarakat nu béda bakal ngarasakeun jeung maham kanyataan ku cara nu béda.
- Basa nu dipaké masarakat bakal ngarojong kana ngabéntukna struktur kognitif individu pamaké éta basa.

Kacindekan dina ieu bahasan nya éta hubungan pangaruh antara basa jeung pikiran nya éta dua arah.


2. Hubungan – hubungan lianna antara basa jeung pikiran

Kategori kognitif

Kognisi mangrupa prosés ngawanohkeun jeung nafsirkeun lingkungan ku hiji jalma. Nurutkeun Moeliono kognisi nya éta kagiatan meunangkeun pangaweruh atawa usaha ngawanohan ngaliwatan pangalaman. Prosés kognisi ieu ngagunakeun basa minangka alatan.

Ditilik dina psikologi kognitif, téori basa bakal méré tinimbangan fénoména méntalistik saperti pemerolehan basa budak sacara teu sadar. Disawang dina modél kognitif, basa miboga sababaraha katégori kognitif nya éta:

a. Bilangan (numeral)



b. Negation

Kecap negation atawa ingkaran bisa mangrupa henteu, lain, teu sarua, teu bener, jsb.

c. Sabab jeung akibat

Kecap sabab jeung akibat bisa mangrupa nepi ka, sabab, balukarna, jsb.

d. Waktu

Kecap waktu bisa mangrupa ayeuna, engké, saacan.

Kategori sosial

- Perkerabatan : generasi, hubungan getih, jenis kelamin
- Kecap gaganti jalma
 - jalma kahiji (panyatur) : abdi, kuring, déwék, sim kuring, sim abdi, aing.
 - Jalma kadua (pamiarsa) : anjeun, silaing, manéh.
 - Jalma katilu (nu dicaritakeun) : anjeunna, manéhna
- Kecap sapaan
 - ngaran : Anggi, Novi, Dewi
 - gelar : doktor, profesor, kapten, ustad
 - perkerabatan : bapa, abah, aki, emang

BAB III

PANUTUP

1. Kacindekan

Nurutkeun Steinberg (1982:101) hubungan basa jeung pikiran bisa disawang tina sababaraha jihat, diantarana: Produksi ujaran minangka dasar pikeun pikiran, Basa nunjukeun spesifikasi budaya.

Kacindekan dina ieu bahasan nya éta hubungan pangaruh antara basa jeung pikiran nya éta dua arah.

Hubungan – hubungan lianna antara basa jeung pikiran nya éta Kategori kognitif, Kategori sosial.

2. Daptar Pustaka

Panitia Kamus LBSS. 2007. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.

Subyakto-Nababan, Sri Utari. 1988. *Psikolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Dirjen Dikti.

Sudaryat, Yayat. 2004. *Elmuning Basa*. Bandung: CV. Walatra.

_____. 2005. *Kamus Istilah Elmuning Basa Sunda*. Bandung: CV. Karya Ipteks

_____. 1989. *Ulikan Fonologi Basa Sunda*. Bandung: IKIP

_____ jeung Sholehudin, Oleh. 2007. *Psikolinguistik*. Bandung: UPI

Syammsudin Makmun, Abin. 2004. *Psikologi Kependidikan*. Bandung : Rosda Karya